Кхъухьлъатэзехуэм и тхьэрыIуэ

2 -нэ нап.

«Уэсрэ Нэсрэ»

3-нэ нап.

«ЦIыкIураш»

4-нэ нап.

Ди мыIэрысэр куэдым ящэху

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№9 (24.915) ● 2026 гъэм щIышылэм (январым) и 28, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапiэм къызэритамкIэ

Республикэм хабзэхэр зэрыщагъэзащIэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхук Iэ IущIащ Урысей Федерацэм ЮстицэмкIэ и министерствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI Кужонов Жантемыр. Ахэр тепсэлъыхьащ Iуэхущ IапIэм 2025 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэм, мы илъэсым къапэщыт къалэнхэм.

ИЛЪЭС кIуам управленэр республикэм и хабзэ мардэ акту 897-м хэплъащ, къэпщытэныгъэхэр иригъэкIуэкIащ. Муниципальнэ щIыналъэхэм хабзэхэр зэрыщылажьэ щIыкIэхэм ятеухуа акт 48-рэ ятхащ.

Зи лэжьыгъэр фейдэ къегъэщIыным темыухуа Iуэхущ IапIэщIэу 43-рэ ятхащ, 55-м къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ. Апхуэдэ Iуэхущ IапIэхэм я бжыгъэр илъэс кIуам и кIэм ирихьэлIэу 948-рэ хъууэ щытащ. Уэчыл IэнатIэм пэрытыну цIыхуи 8 хуит ящIащ, а IэщIагъэм ирилэжьэну хуитыныгъэ зиIэу КъБР-м щыIэхэм я бжыгъэр 342-рэ мэхъу. Республикэм щыIэщ унеи нотариус Iуэхущ IапIэу 62-рэ.

ЗэIущIэм щхьэхуэу къыщытеувыIащ цIыхухэм юридическэ Iуэхутхьэбзэхэр пщIэншэу яхуэщIэнми. Абы и лъэныкъуэкIэ жыджэру мэлажьэ Къэрал юридическэ бюрор. Илъэс кIуам абыхэм захуэзыгъэза цIыху 1229-м зыщIагъэкъуащ зыхуэфащэ тхылъхэр яхуэзэхэгъэувэнымкIэ, я сэбэп зыхэлъхэр пхагъэкIынымкIэ, чэнджэщ зэмылIэужьыгъуэхэр иратащ.

Гулъытэ хэха хуащIу къыхагъэщащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэным пыщIа къалэнхэр зэрызэфIагъэкIри: апхуэдэхэм я хуитыныгъэхэм ятеухуа чэнджэщу 1200-м щIигъу иратащ.

Гъэунэхупiэ гущIэгъуншэт

Урысейм и зауэлI щIыхьым и махуэм и тхыдэм, Ленинград къалэр фашистхэм я бжьым къызэрыщIагъэкIыжрэ илъэс 82-рэ зэрырикъуам щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIым.

«МАХУЭ 872-кIэ фашистхэм къаувыхьауэ щыта Ленинград 1944 гъэм щIышылэм и 27-м Дзэ Плъыжьым бийм къыIэщIихыжри, ди къэралым и ищхъэрэ щыхьэрыр хуит къащIыжауэ щытащ, - етх Iэтащхьэм.

А махуэр Хэку зауэшхуэм и напэкIуэцI нэхъ гущIыхьэхэм икIи лIыгъэщIапIэхэм язу къыхэнащ тхыдэм. ИлъэситIрэ ныкъуэкIэ къалэдэсхэмрэ Дзэ Плъыжьым хэт сэлэтхэмрэ гущIэгъу зыхэмылъ бийм пэщIэтащ. Фигу къэзгъэкIыжынщи, Ленинград и хуитыныгъэм щIэзэуа зауэлIхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу сэлэт миным щIигъу хэтащ.

Ленинграддэсхэр гъэунэхупIэ гущIэгъуншэм ихуауэ щытащ а зэманым - я Iыхьлыхэр хэкIуадэу, яшхын ямыIэу, щIыIэр етауэ, сыхьэтипщIым нэскIэ зэпымыууэ бийм и лагъымхэмрэ топышэхэмрэ къателъалъэу.

Дзэ Плъыжьым хэт офицерхэми, сэлэтхэми, къалэдэсхэми къагъэлъэгъуа лIыгъэ псэемыблэжым, зауэлIхэм я хахуагъэм, заводхэмрэ госпиталхэмрэ щылажьэ цIыхухэу къикIуэт зымыщIэхэм я фIыгъэкIэ, къалэр лIэныгъэм и гъунэм Iузыгъэуva гъэрыпIэм и уэрдыхъур зэпачыну Iэмал ягъуэтащ.

Иугъащ Iэ къалэ щэджащэр хуит къащIыжын папщIэ зи псэр зытахэм!

Къатепсыха гузэвгъуэ зэманым пщIэ пылъу къыхэкIа ленинграддэсхэм я лIыхъужьыгъэм зыхудогъэщхъ.

Урысейм щыпсэухэм ахэр зэи ящыгъупщэнукъым, къалэм и хъумакIуэхэм я цIэхэр щIэблэщIэм я гум сыт щыгъуи илъынущ.

Ленинград хуит къызэращIыжа щIыкIэр ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и щапхъэщ. А къалэм ишэчам и фэепльым ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы шэсыпIэ къыдет нобэ бийм пэщIэт, ипэрей лIыхъужьхэм я щIэблэм абы кIуапIэ зэрырамытынумкIэ.

Иугъащ Iэ Ленинград и лIыхъужьхэм!»

Ди къуэш республикэхэм

ЛIыгъэм и дерс

АДЫГЕЙ. **Тэхъутэмыкъуей къуажэм и курыт еджапIэ №1-м щрагъэкIуэкIащ лIыгъэм и дерс. Ар теухуауэ щытащ Адыгэ Республикэр, а районыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 83-рэ зэрырикъум.**

ШКОЛАКIУЭХЭМРЭ егъэджакIуэхэмрэ яхуэзащ «СВО-м и ветеранхэм я зэгухьэныгъэ» республикэ жылагъуэ Iуэхущ IапIэм и унафэщI, Урысейм и ЛIыхъужь Цей Эдуард, ЛIыгъэм и орден зыхуагъэфэща, дзэ Iуэху хэхам и ветеран Бардюг Алексей, щIыналъэм и администрацэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и управленэмрэ ящыщхэр.

Ахэр школакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ къэралыр фашист зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэхыжыным теухуауэ екIуэкIа бэнэныгъэм Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм ди сэлэтхэм зэрахьа лIыгъэм.

Къуажэм и дамыгъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Адыгэ-Хьэблэ жылэр илъэси 100 зэрырикъум теухуа логотип гъэхьэзырыным ехьэлIа зэпеуэ къыхилъхьат район администрацэм. Абы къагъэхьа эскиз 29-м я нэхъыфIу къалъытащ а къуажэм дэт курыт еджапIэм и 11-нэ классым щIэс Хъупсырокъуэ Самирэ ейр.**

«ДОХЪУЭХЪУ Самирэ и текIуэныгъэмкIэ. Абы и лэжьыгъэр иджы Адыгэ-Хьэблэм и тхыдэм щыщ Iыхьэщ. ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ ди щIалэгъуалэм дрогушхуэ» - щыжаIащ районым и администрацэм.

Ар юбилей илъэсым и дамыгъэ хъунущ икIи махуэшхуэ Iуэхухэр щрагъэкIуэкIкIэ, Адыгэ-Хьэблэ къуажэр илъэси 100 зэрырикъум ехьэлIа хьэпшып цIыкIуфэкIухэр, хъыбарегъащIэхэр щагъэхьэзыркIэ къагъэсэбэпынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и щIыпIэхэм

ЗэIузэпэщ ящI

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Хьэмидей къуажэм Бориймрэ Къудеймрэ я цIэхэр зезыхьэ и уэрамхэр щыIэ мардэм кърагъэтIэсэнущ мы гъэм. Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ. Уэрамхэм зэхэту километритхум нэблагъэ я кIыхьагъщ.

ХЬЭМИДЕЙ къуажэр районым нэхъ щыпхыдза жылэхэм ящыщщ, цIыху 1700-м щIигъу щопсэу. Зэман кIыхькIэ зыкIэлъымыIэба уэрамхэм гъуэгухэр щызэтекъутащ икIи дунейр къыщызэIыхьэ, щыщIыIэщыуэтIпсытIым деж абы ущызекIуэну гугъу мэхъу, транспорткIи лъэсуи.

Лэжьыгъэхэм хиубыдэу гъуэгу щхьэфэр тратхъунщIыкIынурэ асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ тралъхьэнущ, псы жапIэхэр хуащIынущ, лъэс лъагъуэхэр яукъуэдиинущ, школым, сымаджэщым, къуажэ администрацэм я хэщIапIэхэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм я бжэIупэхэр зыхуей хуагъэзэнущ.

Бахъсэн районым и Жанхъуэтекъуэ, Псыхъурей, Кыщпэк, ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэ, Къулъкъужын Ищхъэрэ, Ислъэмей, Зеикъуэ къуажэхэм я уэрамхэми апхуэдэ лэжьыгъэхэр мы гъэм щрагъэкIуэкIынущ.

Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжыну уэрам 18-м псоми зэхэту километр 16-м щIигъу я кIыхьагъщ икIи, пэхуэщIэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, мывэкIэщхъ зэдэкIуэу псоми тракIутэнущ.

Гъэмахуэм ирагъэжьэнущ

«Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн» къэрал программэм ипкъ иткIэ Прохладнэ къалэм и Первомайскэ, Промышленнэ уэрамхэм псы къабзэ зэрыкIуэ и бжьамийхэр дызыхыхьа илъэсым къагъэщIэрэщIэжынущ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР щекIуэкIыну щIыпIэхэм илъэс куэд щIауэ щIым щIэлъ, километри 4-м щIигъу зи кIыхьагъ, жьы хъуа бжьамийхэр къыщIахыжынурэ иджырей материалхэм къыхэщIыкIахэмкIэ щызэрахъуэкIынущ. Абы и фIыгъэкIэ, къалэдэсхэм псы къабзэ зэпымыууэ яIэрыхьэнущ, ЖКХ-м псыуэ фIэкIуэдми фIыуэ хэщIынущ.

ИлъэситI пIалъэм тещIыхьауэ зэхаублэну лэжьыгъэхэм я япэ Iыхьэр мы гъэм и гъэмахуэм ирагъэжьэнущ.

БЭБЭЧ Башир.

НыбжьыщIэхэрщ псори зытеухуэжар

«ТАСС Кавказ» хъыбарегъащIэ центрым и щIыналъэ къудамэм вэсэмахуэ пресс-конференц щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэм щыIэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэхэм» я лэжьыгъэм.

«ПЭРЫТХЭМ я зэщIэхъееныгъэ» щIыналъэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр тепсэлъыхьащ къапэщылъ Iуэхухэр зэрагъэзащIэм, дызытехьа илъэсым зэфIагъэкIыну я мурадхэм.

КИФЩI-м щыIэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэхэм» я лэжьыгъэр зэзыгъэIу Козинэ Ольгэ зэрыжиIамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм щыIэ мы зэгухьэныгъэхэм хэтхэм я бжыгъэр мелуаным щIигъуащ, 2025 гъэм къызэIуаха къудамэхэм я бжыгъэр 500-м ныэзрохьэс. Псом хуэмыдэу зэубгъу «Зарница 2.0» урысейпсо дзэ-хэкупсэ джэгум, «Япэ дэIэпыкъуныгъэ», «Тхыдэм и хъумакIуэ» Iуэхухэм я муниципальнэ, щIыналъэ Iыхьэхэм. «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и къудамэхэм къызэрагъэпэщ зэпеуэхэм щIэупщIэшхуэ яIэщ. Гъэ кIуам гулъытэ ин хуащIащ студентхэм я зэгухьэныгъэхэм. Нэгъабэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэхэр хэтащ «Первый студенческий» Iуэхум. 2026 гъэм абы и етIуанэ Iыхьэм пащэну я мурадщ. Апхуэдэу студентхэм Iэмал яIэщ нэгъуэщI Iуэхухэми хэтыну.

- Кавказ Ищхъэрэм илъэс къэс щокIуэкI урысейпсо, щIыналъэпсо зэхыхьэшхуэхэр, - жиIащ Козинэ Ольгэ. - Къэбэрдей-Балъкъэрым 2025 гъэм щекIуэкIащ студентхэм я унагъуэхэм папщIэ къызэрагъэпэща «Родные-Любимые» урысейпсо зэхуэсыр, «Большая перемена» къэралпсо Iуэхум и Iыхьэр. Хабзэ хъуауэ, Дагъыстэным щрагъэблагъэ «Каспий» зэхыхьэм хэтхэр. Ставрополь зэхуешэс «Российская школьная весна» Iуэхум щытекIуахэр. Къэрэшей-Шэрджэсым япэу щызэфIахащ «Значимый взрослый» Iуэхур.

ЩIыналъэхэм гулъытэ ин щыхуащI балигъыпIэ имыувахэм хабзэр къызэпамыудынымрэ абыхэм балигъхэр кIэлъыплъынымрэ. Абы и щапхъэу Козинэм къиихьащ КъБР-м ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ МВД-м и щIыналъэ къудамэмрэ зэдагъэзащIэ «Сыхьэт 22.00-рэ хъуащ. Фи сабийхэр унэм щIэс?» Iуэхур.

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн жиIащ апхуэдэ Iуэху къыщIыхалъхьар балигъ зыщIымыгъу ныбжьыщIэхэр зэманыр хэкIуэтауэ уэрамым дэту щалъагъукIэ тезыр тралъхьэныр зэрыармырар.

- Апхуэдэ ныбжьыщIэхэр зрихьэлIэнкIэ хъуну шынагъуэхэм теухуауэ допсалъэ, адэ-анэхэм яхудошэж. КъинэмыщIауэ, апхуэдэ щIалэхэм я цIэ-унэцIэхэмрэ телефонхэмрэ дотхри, ди зэгухьэныгъэм къыдогъэблагъэ. Апхуэдэ куэд «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» жыджэру хэт хъуащ.

ЩIыналъэ Iуэхухэм щытепсэлъыхьым, Шыпш Аслъэн и гугъу ищIащ ныбжьыщIэ жыджэрхэм я «Перво-Классные» школым. Абы зэкъуигъэуващ республикэм и щIыналъэхэм ящыщу 6 - 7-нэ классхэм щIэс еджакIуэ 40-м щIигъу. Илъэсым къриубыдэу ныбжьыщIэхэр дерсхэм щызэхуэсынущ, я щIэныгъэм хагъэхъуэн папщIэ. А дерсхэр куэдым теухуащ гъуазджэм къыщыщIэдзауэ спортым щыщIэкIыжу.

Мы тхьэмахуэм и кIэхэм япэу зэхуэсынущ «Значимый взрослый» Iуэхум хэтхэр. Шыпш Аслъэн къытеувыIащ я зэщIэхъееныгъэм и лэжьыгъэм адэ-анэхэри къызэрыхашэм, министерствэхэм, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я къулыкъущIэхэм зэрыIущIэр, зэфIагъэкI псом ныбжьыщIэхэм я Iыхьлыхэр зэрыщагъэгъуазэм.

Ди республикэм щагъэзащIэ нэгъуэщI Iуэхухэми тепсэлъыхьащ Шыпшыр. Я зэщIэхъееныгъэм япэу хыхьа, иджы балигъ ныбжьым нэсахэм «гъуэгу махуэ» пшыхь къыхузэрагъэпэщыну я мурадщ.

Урысейпсо зэхыхьэхэм япкъ иткIэ мы илъэсым екIуэкIыну яубзыхуахэм ящыщщ «Российская школьная весна» (Ставрополь край) Iуэхум и кIэух Iыхьэр, «Каспий» (Дагъыстэн) зэхуэсыр, студент унагъуэхэм я «Родные-Любимые» урысейпсо зэхыхьэр (Къэбэрдей-Балъкъэр). Осетие Ищхъэрэ-Аланием щызэхэтынущ КВН-м и зы Iыхьэ, Ингушым щызэхуэсынущ «Пэрытхэм я хорым» хэтхэр. Гъэмахуэм Налшык щекIуэкIынущ Пэрытхэм я Федеральнэ советым и II зэхуэшэсыгъуэм хэтхэм я иужьрей зэIущIэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● КIэщIу

ГъэшхэкIхэм къахохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым ерыскъыхэкIхэм елэжь и IуэхущIапIэхэм гъэшхэкIыу къыщIагъэкIым и куэдагъым хагъахъуэ зэпытщ, къитащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, 2025 гъэм и щIышылэм - щэкIуэгъуэм кърикIыбудэу тхъуцIынэу ящIащ тонн мин 1,8-рэ - абы ипэ ита илъэсым яхузэфIэкIам нэхърэ проценти 3,2-кIэ нэхъыбэщ ар.

Шатащхьэр тонни 148,5-рэ мэхъу е 2024 гъэм и апхуэдэ пIалъэм яIам нэхърэ проценти 2,5-кIэ нэхъыбэщ. Кхъуейрэ кхъуейлъалъэу къыщIагъэкIащ тонн мини 4,5-м щIигъу. 2024 гъэм и щIышылэм - щэкIуэгъуэм яхузэфIэкIам нэхърэ ари проценти 9-кIэ нэхъыбэщ.

Мэлымрэ бжэнымрэ ягъэбагъуэ

2025 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлIэу Бахъсэн районым и мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ мэлрэ бжэну яIыгъам процент 15-кIэ хагъэхъуащ абы ипэ ита илъэсым и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ. БжыгъэкIэ къэдгъэлъагъуэмэ - мин 18,3-м нэблагъэ хъуащ.

МЭЛРЭ бжэну районым щызэрахуэм и процент 18-р мэкъумэш IуэхущIапIэхэм къалъос.

КъищынэмыщIауэ, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу Бахъсэн щIыналъэм и Iэщыхъуэхэм Iэщ щхьэ бжыгъэми проценти 8,4-кIэ хагъэхъуащ, абы щыщу жэмым - процент 11,2-кIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Кхъухьлъатэзехуэм и тхьэрыIуэ

ЛIыхъужь нэсым, кхъухьлъатэзехуэ хахуэм папщIэ хуэфащэ дыдэу мы фIэщыгъэр зыхуищIа тхыгъэ гуапэ къытIэригъэхьащ КъБР-м Зауэм, лэжьыгъэм, IэщкIэ ЗэщIэузэда къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я советым щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ и комиссэм и унафэщI Пщыбий СулътIан. Ар зытриухуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ къэмылэнджэж, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъанщ.

ЛIЫХЪУЖЬЫР Тэрч районым хыхьэ Дей къуажэм 1914 гъэм накъыгъэм и 7-м къыщалъхуат. ЩIалэ цIыкIур илъэсибл фIэкIа мыхъуауэ и анэ Дыщэнэху дунейм ехыжауэ щытащ. Абы анэ пэлъытэ хуэхъуат и къуэш нэхъыжь Щэмэул и щхьэгъусэ Iулэ. Нэхъ иужькIэ и адэм къишэжа Ануни сабийхэр езым ейм хуэдэу фIыуэ илъэгъуат.

Ахьмэдхъан и адэ ТIалэ Елмырзэ и къуэр колхозхэтт. Абы къыхуагъэфэщащ «1941 - 1945 гъэхэм Хэку зауэшхуэм и гуащIэ зэрыхилъхьам папщIэ» медалыр. Ар колхозхэт нэхъ пашэхэм я гъусэу щыIэгъат Дон Iус Ростов щекIуэкIауэ щыта япэ зэхуэсым. Апхуэдэуи нэхъыжьым кърат «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр.

Къанкъуэщ Ахьмэдхъан классибл къиуха нэужь, Орджоникидзе дэт гъущI гъуэгу техникумым кIуащ. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм ипэ илъэсхэм щIалэгъуалэр дзэ IэщIагъэхэм хуеджэну къыхураджэу хуежьауэ щытащ. Батайск къалэм къикIыу къэкIуа комиссэм авиацэ школым щIагъэтIысхьэнухэр къыхихырт. КъыхагъэщхьэхукIа цIыхуиблым Ахьмэдхъани яхэту къыщIэкIащ. А еджапIэр къиухри, Къанкъуэщыр ягъэкIуащ Москва Чкалов В. П. и цIэр зезыхьэ и аэроклубым. 1938 гъэм щIалэм и къулыкъум пищэну ягъакIуэ Йошкар-Ола аэроклубым. Абы кхъухьлъатэзехуэхэр игъасэу щолажьэ.

Хэку зауэшхуэм и япэ махуэхэм щыщIэдзауэ ар зэуапIэм кIуэну еIэрт, абы нэхъ къыщысэбэпыну къилъытэрти. АрщхьэкIэ унафэщIхэм нэхъ яфIэкъабылт, абы IэщIагъэлIхэр дзэм хуигъэхьэзырмэ. МызэмытIэу рапорт итхащ, зэуапIэм яутIыпщыну. ЩыкIуэцIрымыкIым, 1941 гъэм и дыгъэгъазэм СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Сталин Иосифрэ СССР-м и ВВС-м и унафэщI, генерал-лейтенант Жигаревымрэ тхыгъэ яхуегъэхь: «Хэку зауэшхуэр щекIуэкI зэманым, зи лъэ вакъэ изылъхьэфыр зауэ IэнатIэм щыIутым, сэ си Iэр едзыхауэ сыщысыныр си напэм къезэгъыркъым. Апхуэдэу кхъухьлъатэзехуэр ди куэду арауэ пIэрэ, дэ къыдэджэну Iэмал щIэдмыгъуэтыр? Си гъэсэн пщIы бжыгъэхэр зэрыпхъуакIуэхэм щапэщIэтым, сэ лъэныкъуэкIэ сыщысщ. Насыпу къэслъытэнт илъэсий хъуауэ сызыхуеджа, зызыхуэзгъэса си IэщIагъэр уафэгум щызгъэунэхуну, си Хэкум и пщIэ схъумэжыну Iэмал сиIамэ. СыныволъэIу зэуапIэм щыIэ авиацэ часть гуэрым сыгъэкIуэну. Мыпхуэдэ тхыгъэкIэ мызэмытIэу зыхуэзгъэзащ военкоматым, арщхьэкIэ къысхуагъэдэхакъыми, иджы фэ ныфхузотх. Къанкъуэщ Ахьмэдхъан. Си хэщIапIэр: Марийскэ АССР, Йошкар-Ола къалэ, Бабушкиным и цIэр зезыхьэ аэроклуб».

Абы и лъэIум арэзы техъуащ. ЗэуапIэм ар Iухьащ 1942 гъэм и дыгъэгъазэм. 1943 гъэм гъатхэпэм и 14-м Къанкъуэщыр гупым яхэту лъэтащ Темрюк, Коса Чушкэ и Iэгъуэблагъэм биийм я кхъухьлъатэхэр щаубыдыну. Къанкъуэщым зы кхъухьлъатэм мафIэ щIидзащ, плIым ныкъусаныгъэ яIэ хъуащ. Хьэуам зэхэуэ гуащIэм щыщIидзащ, блыр 10-м пэщIэту. Къанкъуэщым и IэзагъэкIэ абдеж зы кхъухьлъатэ къриудыхащ. 1943 гъэм накъыгъэм и 14-м, Горбуновым и гъусэу, Крымск районым деж Къанкъуэщым биийм я кхъухьлъатэу 6-м гу лъитащ, асыхьэтуи ебгъэрыкIуэри, аргуэру зы къриудыхащ.

1943 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м Киев районым ебгъэрыкIуа биийр къызэтезыгъэувыIэну лъэтахэм Къанкъуэщри яхэтт. Абыхэм къапэщIэувахэр бомбэзехьэ кхъухьлъати 100-м щIигъунут. ЛъэсырызекIуэдзэхэр зэреплъым хуэдэурэ, ахэр зэбграхун яхузэфIэкIащ. Гужьеяуэ щызэбгрылъэтым, биийм я лагъымхэм я ныкъуэр езыхэм я дзэхэм трагъэлъэлъэжащ, къэнар губгъуэ нэщIым ихуащ. Къанкъуэщым МЕ-109 кхъухьлъатэу 8-м пэщIэтащ икIи текIуэныгъэр иIэу зыр къриудыхри, Киев щIыпIэм и ипщэIуэкIэ километри 3-5 хуэдизкIэ къыщригъэхуэхат. Ди лIыхъужьым езым и кхъухьлъатэм ныкъусаныгъэ игъуэтами, аэродромым къетIысэхыжыфат.

* * *

ХэкIуэдэным мазитI ипэ адыгэ лъэпкъым и къуэ пажэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм письмокIэ закъыхуигъэзат: «Си ныбжьэгъу лъапIэхэ, Лениным и комсомолыр илъэс 25-рэ щрикъу махуэмкIэ сынывохъуэхъу! Махуэ дахэр догъэлъапIэ Дзэ Плъыжьым ехъулIэныгъэ иIэу. Советыдзэм хахуагъэм и щапхъэ щагъэлъагъуэ комсомолым хэтхэм. Хэку зауэшхуэм и зэман хьэлъэм, зэи хуэмыдэжу, комсомолым къигъэлъэгъуащ дзыхь ебгъэз зэрыхъунур, Лениным и партым зэрыхуэпэжыр, лIыгъэ зэрыхэлъыр. Нобэ, ВЛКСМ-р илъэс 25-рэ щрикъу махуэм, псалъэ фызот си псэр пытыху, зы нэмыцэ ди щIым итыху, биийм сыпэщIэтыну. ПщIэ зыхуэсщI си лъахэгъухэ! Дзэм фыдэIэпыкъуну фэри фыкъыхузоджэ, ди къару зэхэдвгъалъхьи, зэрыпхъуакIуэхэм датевгъакIуэ!» («Социалистическая Кабардино-Балкария» газет, 1943 гъэ, жэпуэгъуэм и 29).

* * *

Кхъухьлъатэзехуэ Къанкъуэщым и зауэ гъуэгуанэр илъэс мэхъу. ЛIыхъужьу ар хэкIуэдащ 1943 гъэм и дыгъэгъазэм. А илъэсым къриубыдэу биийм и кхъухьлъатэу 12, гупым дэщIыгъуу иджыри 3 къриудыхащ. Ахьмэдхъан и къуэшымрэ и шыпхъуитIымрэ зэрыпхъуакIуэхэм зэраукIам къыхэкIыу пэкIум щыжиIат: «Фашистыр си бийщи, силъ сщIэжынущ». Ар кхъухьлъатэзехуэ щIалэщIэм и тхьэрыIуэ хуэдэт, зэрыжиIам хуэдэуи, и хьэкъ къызытригъэнакъым.

«Крылья Советов» газетым къытехуауэ щыта зы тхыгъэм щыщ пычыгъуэ: «Гупым хэту Къанкъуэщыр щхьэщолъатэ езыр щалъхуа щIыналъэм, биийм иубыдам. Кхъухьлъатэм къыздиплъым, нэмыцэ аэродром къыIэщIолъагъуэ. «ДебгъэрыкIуэнущи, зывгъэхьэзыр!» къажреIэ я унафэщIым. Ахьмэдхъан зы псалъэр тIэу жыIэ уигъэщIынт?! Асыхьэту фашист машинэхэм я къэувыIэпIэм зыщредзыхри, мафIэ яредз. Ар зы кхъухьлъатэм тохуэри къызэщIолыдэ. Нэмыцэхэм къадэIэпыкъуну къэса «мессершмиттхэм» щыщу япэр гвардеец Къанкъуэщым гуэлым хегъахуэ, етIуанэм, Горбуновымрэ кIэм къиувам, шэр трегъэлъалъэри, адрейхэри зэбгреху. Ахьмэдхъан Кубань уафэгуми щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм биийм хэщIыныгъэшхуэ щаритащ. Зэгуэрым ди лъахэгъум унафэ къыхуащIащ: «Осипенкэ и Iэгъуэблагъэм фашистхэр щитIысыкIащ. ТIасхъэщIэх кIуэн хуейщ. Уи закъуэу лъатэ». Абы и кхъухьлъатэр хы щIыIур щIэзыхъумэ пшэхэм пхылъэтащ. Аэродром гупэм деж лъахъшэ зыщищIа щхьэкIэ, занщIэу шэр къытрагъэлъэлъэн щIадзащ. Езы аэродромым щхьэщыхьэну Iэмал къыхуэгъуэтыртэкъым, хъыбарыншэу къигъэзэжынри фIэтэмэмтэкъым. Аргуэру зэ еплъыжыну мурад ещI. АрщхьэкIэ къызэплъэкIри, и щIыбым пщIэнтIэпс щIыIэр занщIэуирижащ. И щIыбагъ дыдэм «мессершмитту» тIу къыдэтт, и щхьэщыгумкIи нэгъуэщIитI къыщхьэщытт. Ар къапхъэн ихуами ярейт, абы щыгъуэми зэхуэщIыжауэ. Ауэ ахэр къеуэртэкъым, кIуапIэ зэримыIэр ящIэрти. Я мурадыр аэродромым яхуу ягъэтIысыныр. Къапщтэмэ, фашистхэм къагурыIуэрт ауэ къызэрыгуэкI кхъухьлъатэзехуэ и закъуэу къызэрамыгъэкIуар, абы къыхэкIыуи ар я жыIэм зэрыщIагъэувэфам гухэхъуэгъуэ къарит хуэдэт. Ауэрэ аэродромыр гъунэгъу къэхъуащ. ЗанщIэу ямыгъэтIысу, зы хъуреишхуэ къищIыну къыхуагъэлъэгъуащ. ИтIанэ и закъуэ япэу етIысэхыну къыгурагъэIуащ. Езыхэр хъумакIуэу абы щхьэщытынущ: щыр зы лъэныкъуэмкIэ, адрейр - нэгъуэщIымкIэ. Сыяпэм, сыяпэщ, жыхуиIэу, Ахьмэдхъан псынщIэу икIи щыуагъэншэу зыкъигъэкIэрахъуэжри, кхъухьлъатэм лъахъшэ зригъэщIу хуежьащ. Зэуэ моторыр гъуэхъуэн щIидзэри, аэродромым и кIыхьагъкIэ ар пхылъэтащ, мафIэр яхидзэу». Биийм и зы кхъухьлъатэ абы кIэлъыпхъэращ, арщхьэкIэ абы ищIэртэкъым Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкIым ар зэрырихьэлIар. Зы тэлайкIэ лъэныкъуэбгъу къыщыхуэхъум, Къанкъуэщым абы шэр тригъэлъэлъащ. Къэна кхъухьлъатищым исхэм къэхъуар къагурыIуэну хунэмысу зэрызехьэ хъуащ. АрщхьэкIэ Къанкъуэщым и «машинэр» Бердянск и унащхьэхэм щхьэщыту, жыг щхьэкIэхэр иджыпсту пигъэщхъынущ жыпIэну, пхырылъэтри бзэхыжащ...»

Абы и лIыгъэм гу лъатэнтэкъэ! 1943 гъэм фокIадэм и 2-м «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыфIащащ, Лениным и орденыр къыхуагъэфэщащ: «ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ зауэ гуащIэм къызэрыщигъэлъэгъуам, езым кхъухьлъатэу 8-рэ гупым хэту щырэ къызэрыриудыхам, апхуэдэуи биийм я къухьлъатэу тху зэрикъутам папщIэ, гвардий лейтенант Къанкъуэщыр правительствэ дамыгъэ хуэфащэу, «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр фIащыну къызогъэлъагъуэ. 42-нэ гвардейскэ ИАП-м и унафэщI, подполковник Гарбарец А.»

* * *

1984 гъэм Совет Союзым и ЛIыхъужь, звеном и унафэщI, лейтенант нэхъыжь, и къалэн игъэзащIэу хахуэу 1943 гъэм и дыгъэгъазэм хэкIуэда Къанкъуэщ Ахьмэдхъан и илъэс 70-м ирихьэлIэу, гвардеец гупышхуэ лIыхъужьым и Iыхьлыхэм къахуеблэгъауэ щытащ. «ПщIэ зыхуэтщIхэу Ахьмэдхъан и щхьэгъусэ Зулихъан, и къуэ Залымхъан! - жаIащ хьэщIэхэм. - Ахьмэдхъан къыщалъхуа махуэр ди 42-нэ гупым и зауэлIхэм дгъэлъапIащ. Нобэрей кхъухьлъатэзехуэхэр дэ догъасэ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Къанкъуэщ Ахьмэдхъан игъэлъэгъуа лIыгъэр я щапхъэу. Ди дежкIэ, 80 гъэхэм я гвардеецхэм, лIыхъужьыгъэм, хахуагъэм, хэкупсагъэм и щапхъэу диIэщ Къанкъуэщыр. Фыкъыдогъэгугъэ мамырыгъэр дяпэкIи тхъумэну, ди къулыкъур хуэфащэу етхьэкIыну. Узыншагъэ быдэ, гъащIэ кIыхь фиIэну ди гуапэщ».

Ахьмэдхъан и лIыгъэр къыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэми Хэку етIуанэ хуэхъуа Мари-Эли щащыгъупщэркъым. Абы и фэеплъ пхъэбгъухэр аэроклубым и щIыхьэпIэми Йошкар-Ола кхъэми щыфIадзащ. Мари-Эл Совет Союзым и ЛIыхъужьу 11 иIэщ, Къанкъуэщыр епщыкIутIанэу къалъытэ. Къанкъуэщхэ Марий щIыналъэм щыкIуэкIэ, я Iыхьлы дыдэхэм хуэдэу гуапэу къащыIуощIэ.

Езы Зулихъан 1941 гъэм къыщыщIэдзауэ 1943 гъэ пщIондэ Йошкар-Ола къалэм уIэгъэ хъуа зауэлIхэм ядэIэпыкъуу дэсащ. 1944 гъэм щегъэжьауэ Налшык сымаджэщым щылэжьащ, операцэм щIэт медсестрауэ. Зауэ нэужьым Налшык къалэ Советым и депутату, Совет Нэхъыщхьэм и ещанэ зэхуэсым и депутату щытащ. Бзылъхугъэм къыхуагъэфэщащ «Хэку зауэшхуэм и зэманым хахуэу зэрылэжьам папщIэ» медалыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЗауэлIым и адэ

● Дызэкъуэту

«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондыр къызэрызэрагъэпэщрэ куэд мыщIами, къыхилъхьэ жэрдэмхэмрэ иригъэкIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ цIыхухэм гунэс ящыхъуащ. Фондым зыхуигъэувыж къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам хэт щIалэхэмрэ хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуныр, зыIууэ гугъуехьхэр ящыгъэпсынщIэныр, щхьэж и гуныкъуэгъуэкIэ зыхуэныкъуэр къахуэгъуэтыныр. ДэIэпыкъуныгъэр теухуащ медицинэ, юриспруденцие, социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр къыдэхыным, лэжьапIэ къахуэгъуэтыным, уIэгъэ хьэлъэ е узыфэ гъэхъужыгъуей зиIэхэм якIэлъыплъынухэр къыхэхыным. КъищынэмыщIауэ, фондым пэхуэщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхелъхьэ, зэуапIэм итхэмрэ къимыкIыжахэмрэ я хахуагъэр цIыхубэм деж нахьэсу, я лIыгъэр хэIущIыIу ящIу. Зыми хуэдэжкъым фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм иджыблагъэ къызэIуиха сурэт гъэлъэгъуэныгъэр.

МАХУЭЩI щхьэусыгъуэхэм теухуами, фэплъ гъэлъэпIэным ехьэлIами, ди щIыналъэм куэдрэ сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэIуах. Ахэр псори зытеухуар, зэрыгурыIуэгъуэщи, цIыхухэм я эстетикэ зыхэщIэр къэIэтынырщ, Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмкIэ яIэ еплъыкIэхэм зегъэубгъунырщ е щIэ гуэр къахегъэхъуэнырщ. «ЗауэлIым и адэ» зыфIаща сурэт гъэлъэгъуэныгъэр абыхэм къащхьэщокI, гупсысэ куухэм узэрыхуашэмкIэ, гъащIэм хэлъ лъапIэныгъэхэм гулъытэ хэха зэрыхуагъэщIымкIэ.

Сурэт гъэлъэгъуэныгъэм и фIэщыгъэ къудейм къеIуатэ лIэужьхэм я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр къуэпсыбэкIэ зэрызэпхар, Хэкум и хъумакIуэ-щыжакIуэ щыпкъэхэр гъэсэнымкIэ адэхэм я пщэ хьэкъышхуэ зэрыдэлъыр. Мы махуэхэм къызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэр къэралым къулыкъу хуащIэу псэзэпылъхьэпIэм ихьа щIалэхэм я адэхэм ятеухуащ. Абы и къалэн нэхъыщхьэри аращ - зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэм и фэеплъыр яхъумэкIэрэ, ахэр къэзыIэта, зыгъэса, зыунэтIа адэхэм я гуащIэдэкIым пщIэ хуэщIыныр, абыхэм я бэшэчагъымрэ къарумрэ хуэфащэ хьэкъыр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми егъэгъуэтынырщ. Быным пэплъэ адэ-анэм нэхъ бэшэч, а къарум нэхърэ нэхъ ин щыIэу къыщIэкIынкъым.

Сурэт гъэлъэгъуэныгъэр IыхьитIу зэхэтщ. Япэр - адэм къуэм и лIыгъэм иригушхуэу, къызэщIэзыIэтэ гуфIэгъуэр къытещу траха сурэтхэрщ. Абы щыболъагъу куэбжэпэм Iухьэжа щIалэм къыпежьэ адэр Iэнкуну къызэреплъыр, гуфIэу IэплIэ быным хуэзыщI адэр, къуэм зезыдза анэм еплъу лъэныкъуэкIэ Iэдэбу, щэхуу нэпс щIэзыгъэкIыу щыт адэр... Адрей сурэт гупыр гущIыхьэщ, уи щхъуэфэцым зрагъасэу гуузщ. ЩхьэкIуэ тхылъыр зратыж адэ-анэм кIуэцIкIэ ягъэв гуауэр къызэрыпIуэтэн псалъэ щыIэкъым. Ауэ я нэгум къищ гурыщIэхэм ахэр дунеижьым къызэрыщришэкIыр къыхуымылъагъукIынкIэ Iэмал иIэкъым: быныр щыкIуэда губгъуэжьыр щIыпIэ-щIыпIэкIэ щIаплъыкI, къуэм и лъэужьыр къалъыхъуэу... Гугъэр адэжь щIэинщ, жаIакъэ... ЗэуапIэм къимыкIыжа щIалэхэм я сурэтхэр яIыгъыу адэхэм зытрагъэха сурэтым адыгэ тхакIуэ Къуиикъуэ Налбий и зы тхыгъэм хэт абазэхэ анэр уигу къагъэкIыж: зытIэкIурэ уи щхьэр си куэщIым изгъэлъыжамэ, жиIэгъат абы, и къуэ нэхъыщIэ дыдэм щыIуплъэжам. Быным и IэфIымкIэ зэи зэрызумыгъэнщIынум и щыхьэтщ а сурэтхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм къыщыхалъхьа теплъэгъуэхэр унагъуэхэм щахъумэ сурэт гъэтIылъыгъэхэм хуэдэкъым. Ахэр лIыгъэм, гуауэм, лъагъуныгъэм, фэеплъ мыкIуэдыжым я дамыгъэщ, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпызыщIэщ.

«Мы гъэлъэгъуэныгъэр ди щIалэхэм я мызакъуэу, абыхэм я адэхэм яхуэтщI пщIэр къэзэгъэлъагъуэ гукъэкIщ. Адэращ быным япэу унэтIакIуэу иIэр, абы и щапхъэращ щIэблэм гъуазэ яхуэхъур, цIыху нэсыр зэрыщытын хуейм и бзыпхъэ хъур. Мы сурэтхэм псалъэншэу къыбгурагъаIуэ нэхъыщхьэм теухуауэ дэтхэнэми ищIапхъэр: щыIэщ лъагъуныгъэ щIэншэ, гуфIэгъуэ мыухыж, ущIэзыIубэ гуауэ. Адэм быным хуищI лъагъуныгъэм жэуап къилъыхъуэркъым, дунейм къытригъэхьа быным и Iуэхур зыхуей хуэзэмэ, абыкIэ арэзыуэ, гугъэзагъэ игъуэту апхуэдэщ. Быным къехъулIэм адэр зэрыщыгуфIыкIым хуэдэу зым игу хэхъуэнукъым, быным зыгъэгуауэщхьэуэм щIипIытIэу адэм хуэдэуи зыри нэщхъеинукъым. Мис ахэращ мы сурэтхэмкIэ къэдгъэлъэгъуэну дызыхущIэкъуар. Хэкум и хъумакIуэхэр тхуэзыгъэса адэхэм фIыщIэ мыухыжыр яхуэтщIыну дыхуейт», - жиIащ фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед.

Апхуэдэу фондым и лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащI сурэт гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэрагъэпэщым къыхыхьахэм, къадэIэпыкъуахэм, гупсысэрэ IуэхукIэ щIэгъэкъуэн къахуэхъуахэм.

«Къыхэтлъхьа жэрдэмым гъуэгу еттын ипэ къихуэу, зэуапIэм Iут щIалэхэми, хэкIуэдахэм я унагъуэхэми, жылагъуэ лэжьакIуэхэми дечэнджэщащ. Зы Iуэхущ быным гуфIэу IущIэ адэр, ауэ дапхуэдэу ар къызэрыщыхъунур гуауэр зылъэIэса унагъуэхэм? А гупсысэр утыку къыщитлъхьэм, псоми къыддаIыгъащ. Арыххэуи, сурэтхэр къыдату, зимыIэхэм зытрагъэхыу хуежьащ. Зэхуэтхьэса сурэтхэм гъэлъэгъуэныгъэ лъэщ къикIауэ къыдолъытэ, ар Iудмыхыжу сыт щыгъуи щытынущ», - жиIащ Дадэ МуIэед.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и хэщIапIэм къыщызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэр хэти зригъэлъагъуну Iэмал иIэщ. Фондыр махуэ къэс мэлажьэ, пщIэ Iамыхыу пэхуэщIэр ягъэлъагъуэ.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

Дунейм щыхъыбархэр

И чэзум яIэрыхьэнущ

Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм, Запорожье, Херсон щIыналъэхэм щыпсэу пенсионерхэм къэрал бюджетым къыхэкIыу сом меларди 3,9-рэ хухахынущ. Абы ипкъ иткIэ, 2026 гъэм и япэ мазищым и чэзум яIэрыхьэнущ щIыналъэ хабзэм тету хуагъэува пенсэр.

«ПСЭУКIЭР егъэфIэкIуэнымкIэ пщэрылъ зыщытщIыжахэр япэ игъэщыпхъэ къалэнхэм ящыщщ. ЩIыналъэщIэхэм щыпсэухэм къэралым щыIэ социальнэ шэсыпIэхэр ягъуэтынымкIэ тхузэфIэкI псори тщIэн хуейщ», - щыжиIащ Урысейм и премьер-министр Мишустин Михаил УФ-м и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэм.

2025 гъэм къэрал бюджетым къыхэкIыу щIыналъэщIэм щыпсэухэм хуаутIыпщауэ щытащ пенсэ ахъшэу сом мелард 23,4-м щIигъу.

Я пщIэм хохъуэ

Илъэс ещанэ хъуауэ абитуриентхэм я деж щIэупщIэ нэхъ щызиIэхэм ящыщщ егъэджакIуэ IэщIагъэр.

«ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм зыхуеджэну IэщIагъэр къыхэзых ныбжьыщIэ куэдым педагогикэ унэтIыныгъэм трагъащIэ, - жиIащ Москва педагогикэ къэрал университетым и ректор Лубков Алексей. - Къапщтэмэ, ар щIалэгъуалэм нэхъыбэрэ къыхаха IэщIагъищым ящыщ зыщ. Абы и щыхьэтщ 2025 гъэм «Егъэджэныгъэмрэ педагогикэ щIэныгъэхэмрэ» унэтIыныгъэр къыхахыу ди университетым ныбжьыщIэ 66 356-рэ къызэрекIуэлIар».

Ректорым къыхигъэщащ егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ дэIыгъыным хуэунэтIауэ къэралым жыджэру лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэриригъэкIуэкIыр. Псалъэм папщIэ, егъэджакIуэм и пщIэр къэIэтыным хуэунэтIащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ пэхуэщIэр. Абы хыхьэу Iуэхугъуэ щхьэпэ куэд ирагъэкIуэкI. Иджыблагъэ къыхалъхьа «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектми жэрдэмыщIэхэр утыку кърихьэнущ. Апхуэдэу «ЕгъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ» къэрал пэхуэщIэм и фIыгъэкIэ хъарзынэу ефIэкIуащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт педагогикэ еджапIэхэм я щыIэкIэщытыкIэр.

ЩIышылэм и 28, *бэрэжьей*

♦**ЦIыхум теухуа щэхур хэIущIыIу мыщIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1928 гъэм** къалъхуащ къэфакIуэ цIэрыIуэу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Шэру Соня**.

♦**1962 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Ингуш, Шэшэн, Осетие Ипщэ республикэхэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Атэбий Игорь**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 6, жэщым щIыIэр градус 1 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Джэдым джэдыкIэр и гуащIэщ.

Иджырей мардэхэм тету

Республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэр IэмэпсымэкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ IэнатIэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI.

«САБИИГЪУЭМРЭ анагъэмрэ хъумэн» къэрал проектым ипкъ иткIэ, щIыналъэм цIыхубзхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ и IуэхущIапIэхэм папщIэ фIагъышхуэ зиIэ УЗИ-аппарату 5 къащэхуащ. Апхуэдэу а IэнатIэхэр къызэрагъэпэщащ сымаджэм и щытыкIэр къызэрапщытэ, электрохирургие, лъыдзуейр къызэрапщ, санитар-къэбзагъэм зэрыкIэлъыплъ IэмэпсымэхэмкIэ, медицинэ тэрэзэхэмкIэ, электроннэ термометрхэмкIэ, къищынэмыщIауэ, пэшхэм щIэтыну унэлъащIэхэмкIэ.

IэмэпсымэщIэхэр щагъэуващ Къармэхьэблэ, Дыгулыбгъуей, Нартан къуажэхэм я амбулаторэхэм щылажьэ акушер-гинекологхэм я пэшхэм. ЦIыхубзхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ IэнатIэхэу Къэщкъэтау, Анзорей жылэхэм къыщызэIуахынухэри а IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ.

Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр хуэунэтIащ цIыхубзхэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр шынагъуэншэу икIи иджырей мардэхэм тету къызэгъэпэщыным, абы и фIыгъэкIи абыхэм къуажэхэм щагъуэт Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэхъуэнущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Лянэ.

Псэущхьэ абрагъуэхэми я кIуапIэт

● Махуэгъэпс

Ди планетэм и ипщэ лъэныкъуэр зыубыда щIы Iыхьэшхуэу Антарктидэр зэрыщыIэм япэу гу лъызытар урысей кхъухь зекIуэлI пашэхэу Беллинсгаузен Фаддейрэ Лазарев Михаилрэщ. Апхуэдэм а тIур щыхьэт щытехъуар 1820 гъэм щIышылэм и 28-рщ, нэгъуэщIу къэдгъэлъагъуэмэ, илъэс 206-рэ ипэкIэщ. Абдежым къыщегъэжьауэ, дызэрыт зэманри хыхьэу, а континентыр зыхуэдэр зэхэгъэкIыным еджагъэшхуэхэр яужь итщ.

АНТАРКТИДЭ щIыналъэ абрагъуэм и нэзыр, зэрытщIэщи, Атлантикэ, Индие, Хы Хуэм хышхуэхэм ипщэкIэ щыIэ я Iыхьэхэм ялъоIэс. Езы континентым и щIыгум, псори зэхэту, километр зэбгъузэнатIэ мелуан 14,4-рэ еубыд.

ХытIыгушхуэм дунейм и щытыкIэр къызэрымыкIуэу щымэхъашэщ, и щIыналъэм икухэм хуэзэу гъэмахуэм - щIыIэр градус 30-м щынос, бгыщхьэхэм я щыгум щIымахуэм - щIыIэр градус 90-м щыноблагъэ.

И щIыгум и лъагагъыр (хыпсым елъытауэ), ику иту метр 2000-м щыщIегъу, метр 4000 зи лъагагъ Iуащхьэхэми ущрохьэлIэ. Иужьрейхэм, Трансарктическэ бгыхэм, щызэхэува тхыцIэ екIуэкIым Антарктидэр IыхьитI зэхуэмыдэу ягуэш.

Мы континентым къыщепщэ жьым языныкъуэ щIыпIэхэм деж зы сыхьэтым къриубыдэу километр 320-рэ къыщызэренэкI.

Антарктидэм «Мак-Мердо» зыфIаща и тIуащIэ зэпыдзам (мыл здэщымыIэ и щIыпIэм) иужьрей илъэс мелуанитIым къриубыдэу, щIэныгъэлIхэм къызэрабжамкIэ, уэшхи уэси къыщехакъым.

Ди планетэм и континентхэм ящыщу Антарктидэм и закъуэщ къэрал ухуэкIуэ здэщымыIэри зэпымыууэ щыпсэу цIыху зэрымысри.

Ауэ щыхъукIи, иужьрей илъэсхэм ЩIы Хъурейм дызыгъащтэу къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ Антарктидэр алъандэрэ «зыгъэбжыфIэу» къекIуэкIа мыл абрагъуэхэр псынщIащэу зэрыщIэткIукIыр.

А къэхъукъащIэм къыдэгъуэгурыкIуэ Iуэхугъуэхэм халъытэ лъэхъэнэ жыжьэу жыжьащэхэм зи гугъу тщIы континентым щыпсэуа псэущхьэхэм ящыщу нэхъ ин дыдэхэм, динозаврхэм, къащIэна къупщхьэлъапщхьэхэр археологхэм къызэрыщагъуэтыжри.

АтIэми, зэман блэкIахэм къыщекIуэкIахэр, щыпсэуахэм щагъэхъахэр ди нэгу къыщIэзыгъэувэжщ «археологие» жыхуэтIэр. Ар тхыдэ щIэныгъэм и гуэдзэнщ. Зэреджэр алыджыбзэм къытехъукIащ, archaios - пасэрей, logos - егупсысыкIэ, зыгурыгъэIуэкIэ мыхьэнэхэр къызэрыкI псалъитIу зэхэгъэуващ.

КъедгъэзэкIыжынщи, цIыху къызэрыгуэкIхэри археологхэри зи лъэужь иплъа динозаврхэм, къызэрабжамкIэ, я нэхъ мащIэрауэ илъэс мелуан 70 я ныбжьщ.

Зи гугъу тщIы континентым лъэхъэнэ жыжьэ дыдэхэм щыпсэуа а псэущхьэхэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, куэдкIэ нэхъ абрагъуэт дызэрыт зэманым а щIыпIэм узыщрихьэлIэ пингвинхэм нэхърэ, метр 20-м нэблагъэ я кIыхьагърэ метри 8-м нэсыр я лъагагъыу.

КъэхутакIуэхэм зэрагъэунэхуамкIэ, Антарктидэр зи лъэужь иплъа псэущхьэ абрагъуэхэр титанозавр жыхуаIэу ЩIы Хъурейм и адрей хэгъэгухэр къызэхэзыкIухьахэм ящыщт. Зэрыабрагъуэр къэтлъытэмэ, телъыджэр аращи, ахэр лы зыIузымыгъахуэ удзышхт.

«Дапхуэдэу, атIэ, титанозаврхэр Антарктидэм къызэрыщыхутар?» жытIэу дыщIэупщIэмэ, геологхэм зэрагъэувымкIэ, и жэуапри нэрылъагъущ: зэман жыжьэ дыдэу тхыдэм щыщ хъужахэм Антарктидэр адрей континентхэм щIы кIапэ хэукъуэдиикIахэмкIэ япыщIат. АбыхэмкIэщ мыл лъабжьэм къахэпсыкIыжа псэущхьэ абрагъуэхэр зэрыщызекIуэу щытыгъари.

Ауэ щыхъукIи, титанозаврхэм я лъэужь къызэрыщагъуэтыжар и щыхьэтщ Антарктидэр нэхъ пасэхэм хуабалъэрэ мэзылъэу къызэрекIуэкIами псэущхьэхэм ящыщу нэгъуэщI лъэпкъыгъуэхэми я лъахэу зэрыщытами.

ЩIэныгъэлIхэр мы зэманми яужь итщ континент жыжьэм и щхьэфэм апхуэдиз мылыр, километри 3 нэблагъэ зи Iувагъыр, щIытрищIам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкIыну. ЯзыныкъуэхэмкIэ къызэралъытэмкIэ, а Iуэхум алъандэрэ егупсысахэм гузылъамыта гуэрхэр зэрыщыIэри шэч къызытумыхьэнщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Гъащ1э Iэщ1агъэ хуэхъуат

Мы гъэм и пэщIэдзэм адыгэ журналистикэм и нэхъыжьыфI, Хэку зауэшхуэм и ветеран, журналист цIэрыIуэ, тхакIуэ, усакIуэ Даур Жэхьфар Ахьмэд и къуэр къызэралъхуэр илъэс 95-рэ ирикъуащ. Урысей Федерацэм цIэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэс щIыхь зиIэ и журналист, Совет Союзым и ТхакIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм хэта лIы щIыпкъэр КъШР-м къыщыдэкI «Черкес хэку» газетым илъэс 52-кIэ щылэжьащ, нэгъабэ дунейм ехыжащ.

ЦIыIХУ щыIэщ уеПсэлъэн зэрыщIэбдзэу, игъашIэ лъандэрэ пцIыхуам хуэдэу, узыIэпызышэ. Апхуэдэ закъуэтIакъэхэмэ яIащыщу щытащ Даур Жэхьфар. Абы щIэныгъэшхэ бгъэдэлът, гъащIэм хуэнабгъуеблэралъхьэ, зыхищIыкIымрэ дзэзыхьэхымрэ куэд хъурти, къыбжиIэни и мащIэтэкъым. Илъэс 70-м щIигукIэ жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтащ ар, лэжьыгъэ куэд кьызэрипэкIащ, лъэпкъ щIэиныр игъэбейуэ.

Жэхьфар Хъалэрэн цIыкIукIэ зэдж жылэм 1931 гъэм щIышылэм и 6-м къащалъхуат. Абы пэщIэдзэ еджапIэт дэтри, я ГъунэжыгъуПсэукIэ-Дахэ къуажэм классыбзыр къыщиухащ. 1954 гъэм дзэм къулыкъу щищIэну ираджэу, я къалэныр щIыхь пыIуу зэфIигъэкIуэ къыщIэхъуэжам, «Черкес пэж» газетым ирагъэблэгъащ. Мис абы щыгъуэм зэрылэжьа тхылъым ирататащ «1957 гъэм газетым къащтащ», етIуанэу абы итыр: «2009 гъэм IукIыжащ». НэгъуэщIу жыпIэмэ, илъэс 52-рэ адыгэ газетым иритащ, апхуэдиз илъэскIи и лъапкъым, республикэм, Урысейм хьэлэлу яхуэлэжащ.

Зэрылажьэм хуэдэурэ, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал педагогикэ институтыр къиухыжат абы. Журналист IэщIагъэ мыгъэрабгъэ ззэдзэкIэу щытащ, занщIэу сыкъэщтат. Сыльэжьэжу, редактори 7 зэхъуэкIащ, - игу къигъэкIыжырт абы.

Жэхьфар и гуащIэ зыхилъхьар адыгэ газетым и закъуэкъым, атIэ Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм къыщыдэкI газетхэми ядэлажьащ. Ар Хэку зауэшхуэм и ветеранщ.

Лэжьэн щIидза кьудейуэ, 1954 гъэм, къулыкъум ящащ. Курыт щIэныгъэ зиIэ сэлэт я частым зэрыхэхуам хуабжьу щыгуфIыкIат командирхэр, занщIэуи Iэнатlэ хэхам - полкым и часть щэхум - газетэуващ. «Адыгэл» жаригъэIэу илъэсищыр ирихьэкIащ, лейтенант нэхъыжь фIэщыгъэщIэр игъэжакIуэ лъэIукIэ зыкъыхуагъазэт.

Апхуэдэу 1957 гъэм и шышъхьэIум газетым и лэжьакIуэ хъуащ. ЯпэщIыкIэ зэдзэкIакIуэу, итIанэ литературнэ къэбархэр, усэхэр, рассказхэр, очеркхэр, фельетонхэр, статьяхэр, рецензэхэр, информацэхэр, репортажхэр, зэпеуэхэр, интервьухэр, тхыгъэ цIыкIухэр, тхыгъэ инхэр, поэмэхэр, романхэр, повестхэр, пьесэхэр, либреттохэр, сценарийхэр, тхыгъэ зэхуэдэхэр, тхыгъэ зэхэлъхэр, тхыгъэ зэхэгъэуцохэр, тхыгъэ зэхэтхыгъэхэр, тхыгъэ зэхэгъэхьазырхэр, тхыгъэ зэхэгъэкIуэдыжхэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэхэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэкIэхэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэхэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэ-зэхэтхыгъэхэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэ-зэхэтхыгъэ-зэхэгъэкIуэдыжхэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэ-зэхэтхыгъэ-зэхэгъэкIуэдыжхэр-зэхэгъэхьазырхэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэ-зэхэтхыгъэ-зэхэгъэкIуэдыжхэр-зэхэгъэхьазырхэр-зэхэгъэуцохэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэ-зэхэтхыгъэ-зэхэгъэкIуэдыжхэр-зэхэгъэхьазырхэр-зэхэгъэуцохэр-зэхэлъхэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэ-зэхэтхыгъэ-зэхэгъэкIуэдыжхэр-зэхэгъэхьазырхэр-зэхэгъэуцохэр-зэхэлъхэр-зэхэгъэпсэлъэкIэхэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэ-зэхэтхыгъэ-зэхэгъэкIуэдыжхэр-зэхэгъэхьазырхэр-зэхэгъэуцохэр-зэхэлъхэр-зэхэгъэпсэлъэкIэхэр-зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэхэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэ-зэхэтхыгъэ-зэхэгъэкIуэдыжхэр-зэхэгъэхьазырхэр-зэхэгъэуцохэр-зэхэлъхэр-зэхэгъэпсэлъэкIэхэр-зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэхэр-зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэ-зэхэтхыгъэхэр, тхыгъэ зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэ-зэхэтхыгъэ-зэхэгъэкIуэдыжхэр-зэхэгъэхьазырхэр-зэхэгъэуцохэр-зэхэлъхэр-зэхэгъэпсэлъэкIэхэр-зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэхэр-зэхэгъэпсэлъэкIэ-зэдзэкIэ-зэхэтхыгъэхэр-

Зыгъэхьэзырар ГУГЪУЭТ Заремэщ

ЩIымахуэм и нэщэнэхэр

♦Уэс налъэхэм зэщхь яхэткъым, тхыпхъэ зэхуэмыдэхэр яIэщ.
♦ИпэжыпIэкIэ, уэсыр хужькъым, атIэ узыпхыплъщ. Ауэ щыхъукIэ, мылым и кристаллхэм нэхур зэкIэщIахури, уэсыр хужьу къыпщагъэхъу.
♦1983 гъэм Антарктидэм - 89,2 щIыIагъэ щыIауэ щытащ.
♦ЩIымахуэм хьэуар нэхъ гъущэщ, адрей зэманхэм нэхърэ. ЩIыIагъэр нэхъыбэху, псыIагъэр нэхъ мащIэ мэхъу.
♦Псэущхьэ куэдым я плъыфэр яхъуэж щIымахуэм. Псалъэм папщIэ, мэзым щыпсэу тхьэкIумэкIыхьхэр хужь мэхъури, уэсым тыншу зыхагъэпщкIуэф.
♦Языныкъуэ къэкIыгъэхэм я хэхъуэныр щIымахуэм зэпагъэури, щIыIэр икIа нэужь къощIэрэщIэж.

♦ЩIымахуэ жэщхэм деж уафэм къитIысхьэ вагъуэхэр нэхъ IупщIу къыхыболъагъукI, хьэуам нэхъ узыпхыплъ мэхъури.

НАФIЭДЗ Данэ.

«Азбуквэ»

Адыгэбзэр щIэщыгъуэу зэгъэщIэнымкIэ сэбэп хъу «Мыст» стIолыщхьэ джэгукIэр къэзыгупсыса УнэшхуэлI Азэмэт сабийхэри гулъытэншэ ищIакъым. Нэхъ цIыкIухэм папщIэ зэхигъэува «Азбуквэ» стIолыщхьэ джэгукIэр адэанэхэм я бынхэм къыхуащэху.

Унагъуэ куэдым Азэмэт и лэжьыгъэр зыIэрагъэхьащ, я цIыкIухэр зэрыщыгуфIыкIым видеотеплъэгъуэхэр трахыурэ хурагъэхьыж. ДжэгукIэ хьэпшыпыр дахэу гъэщIэрэщIащ, узэрыгъуэзэну Iыхьэри дэщIыгъущ. Карточкэхэм псалъэхэр тетхащ адыгэбзэкIэ - абы къарыкIыр урысыбзэкIэ дэщIыгъужщ. Сабийхэм чэзууэрэ псалъэхэр къащIэнущ, джэгукIэм къызэригъэувымкIэ я зэманыр пыухыкIащи, абы къриубыдэу псалъэ нэхъыбэм и мыхьэнэр къэзыщIэрщ текIуэр.

ГЪУЭТ Синэ.

Пщащэ Iущ

«Мазэр зи нэкIу - IэкIуэцIыр зибг» зыхужаIахэм хуэдэщ Къуэныкъуейхэ я пщащэ цIыкIур. Миланэ хьэл-щэныфIэщ, гъэсэныгъэ дахэ зыбгъэдэлъ хъыджэбз цIыкIущ. Адыгэ хабзэм тетыну фIэфIщ, пщIэ-нэмысым и пIалъэр ещIэ. ЕщIэ нэхъыжьхэм пщIэ хуэщIын, адэ-анэр фIыуэ лъагъун, абы я жыIэр гъэзэщIэн зэрыхуейр. ЕхъулIэныгъэфIхэр иIэу ар щоджэ Налшык къалэм дэт етхуанэ курыт еджапIэм и 3-нэ классым.

Дэтхэнэ къалэдэс сабийми хуэдэу, урысыбзэр лъэщу егъэшэрыуэ, ауэ и анэдэлъхубзэр IэщIыб ищIыркъым. АбыкIэ хуабжьу дэIэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу къыхуохъу и анэ Залинэ. Пщащэ цIыкIум сурэт дахэу ещI. ГъэщIэгъуэн нэхъ сщыхъуаращи, езы цIыкIум теплъэгъуэ гъэщIэгъуэнхэр зытрехыж.

Адыгэбзэ тхыпкъылъэм дрегъэхьэх къыкIэлъыплъхэр, усэ цIыкIухэм къоджэ, псалъэжьхэр жиIэну фIэфIщ. Щыджэгум дежи, и гуащэхэм зэрепсалъэр адыгэбзэщ - джэгукIэ цIыкIухэр къегупсыс зэпымыууэ. Щапхъэу ягъэлъагъуэм хуэдэщ Къуэныкъуей Миланэ цIыкIу.

ТЭТЭР Iэминэ.

ЦIыхубэм я тхакIуэ

РСФСР-м ГъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр къызэралъхурэ илъэси 100 ирикъуащ щIышылэм и 21-м. 1926 гъэм Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ адыгэбзэ дахэкIэ щIэджыкIакIуэ куэдым я гум дыхьа тхакIуэр. Хьэжбэчыр журналистхэр щагъэхьэзыр курс, Ленинград консерваторэм и адыгэ студиер къиухащ. Ар щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал филармонием. КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу, Урысей Федерацэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и секретару щытащ.

Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ. «Насып вагъуэ» усэ тхылъыр, «Фи пщэдджыжь фIыуэ!», «НысащIэ», «Гур зыщIэхъуэпсыр», «Гъуэгухэр щIым телъщ», «АнитIым я къуэ», «Лъапэ махуэ» прозэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр и рассказхэм яхэтщ цIыкIухэр дэзыхьэх, Iущагъ къызыхах, фIым хуэзыгъасэ, гуапагъэм къыхуезыджэхэр. Абыхэм ящыщ тыдодзэри, фыкъеджэ!

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

Умышынэ, дадэ!

Илъэситхум ит си пхъурылъху Сэлим гуфIэжу, бауэбапщэу, и дзахъэхэр къыIупсу къыщIолъадэ:

- Дадэ, мамэрэ папэрэ зылъэщIэзмыгъэхьэу уи деж сыкъэсащ.

ПIащIэу къызбгъэдолъадэри, IэплIэшхуэ къысхуещI.

- Сыт, дадэ, апхуэдиз щIауэ ди деж унымыщIэмыкIуар?

- Ар дауэ, Сэлим? МахуитI и пэкIэ фи деж сыщыIаи.

- Дыгъуасэ щхьэ унэмыкIуарэ?

- Дыгъуасэ лъандэрэ си дзэр мэуз.

- Сэ си дзэри дыгъуэпшыхь лъандэрэ мэуз, - жеIэри зи Iухугъуэ нэса и дзэхэр игъэсысурэ сегъэлъагъу. Абы хэту Сэлим и анэ Заремэрэ си малъхъэмрэ къыщIохьэ.

- Мамэ, дадэ и дзэри мэуз, сэ си дзэхэр дыгъуэпшыхь зэрыузам хуэдэу, - жиIэу щIалэ цIыкIур и анэмрэ адэмрэ япожьэ.

- Ныжэбэ кIуам димыгъэжейуэ гъащ. Уи деж дызэрыщIэкIыжу дохутырым деж тшэнурэ и дзэ сысхэр Iуедгъэчынущ.

- Дади нрекIуэ, абы и дзэри мэуз. Хъункъэ, дадэ? УнэкIуэнкъэ? - къызоупщI щIалэ цIыкIур.

- Хьэуэ, тIасэ, сэ си дзэр Iуезгъэчынукъым, езгъэдыжынущ.

- Дадэ, ар дауэ? Уи дзэр мастэкIэ ебгъэдыжыну?

- Хьэуэ, мастэкIэкъым. Ар бру псыгъуэ цIыкIукIэ ягъуэнынурэ цемент е дыжьын ирагъэжыхьынущ, куэдрэ Iутын папщIэ.

- Мамэ, сэ сысейхэри егъэугъуэни дыжьын ирегъалъхьэ, хъункъэ?

- Хьэуэ, уэ уи дзэу хъуар Iухун хуейщ, абы и ужькIэ абыхэм я пIэкIэ уэ дзэщIэ, дзэ дахэ къыпIукIэжынущ.

- Дадэ и дзэхэр Iухумэ, абы ейхэри, къыIукIэжыну?

- Хьэуэ, дзэр зэщ зэрыIухур. Дадэ ейхэри зэ Iухури къэкIыжащ. Иджы ахэри жьы хъуауэ мэузри иригъэдыжын хуейщ.

Сэлим увыIэркъым:

- Мамэ, уэ плъэгъуа дадэ и дзэхэр щыIухуар?

- Дэнэ щыслъагъунур, сэ абы щыгъуэ сыкъалъхуатэкъым.

- АтIэ, абы щыгъуэм псори гурыIуэгъуэщ, - жеIэ Сэлим, джэгуурэ. ЩIалэ цIыкIум жиIа псалъэр зыхуэтхьынур дымыщIэу дызоплъыж.

ЕтIуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм Сэлим телефонкIэ къопсалъэ:

- Дадэ, дауэ ущыт? Уи дзэр иджыри узрэ?

- Мэуз.

- Дохутырым кIуэ, сэ, плъагъуркъэ, сыкIуэри си дзэ сысхэр Iуезгъэчащ.

СогушыIэ:

- Сэ сошынэ, Сэлим. Дзэр зэраубру машинэм и макъыр схуэшэчыркъым.

- Дадэ, къызэдаIуэт: умышынэ. ЛIыр шынэркъым, къызжиIащ дохутырым. Уэ ушынэмэ, сэ пщэдей сынэкIуэнщи, зэгъусэу дохутырым дыкIуэнщ. Хъункъэ? Умышынэ. Сэ уи гъусэу сынэкIуэнущ. ЩIалэ цIыкIум жесIэнур сщIэркъым.

- Зэхэпхрэ бжесIэр, дадэ?

- Зэхызох.

И анэм и Iэпэр иIыгъыу, Сэлим пщэдджыжьым сыхьэтийм къыщIохьэ.

- Дадэ, дохутырым деж докIуэ, пэжкъэ? Мамэ жесIащ, уи гъусэу сынакIуэмэ, ушынэнукъым. Пэжкъэ?

- Нэху мыщу сыкъигъэтэджащ, дадэ и гъусэу дохутырым деж сыкIуэнущ, сэ сымыкIуэмэ, шынэнурэ и дзэр иригъэдыжынукъым, къызжиIэри, - къысхуеIуэтэж Заремэ.

- Пэжщ, ар си гъусэмэ, сышынэнукъым, - жызоIэ сэри. Абы шэч къытрихьэркъым, езыр си гъусэмэ, сызэрымышынэнум.

Щыри дыкъыщIокIри дзэ дохутырым деж докIуэ. Абы и пэшым сыщIохьэ. Си ужь иту Сэлими ныщIохьэ.

Дохутырыр къыдоупщI:

- Хэт и дзэ сызэплъынур?

Сэлим япэ зыкърегъэщ:

- Мис, мы дадэ и дзэрщ.

- Уэ-щэ?

- Сэ си дзэр дыгъуасэ Iуезгъэчащ. Дадэ мэшынэри, ар сымыгъэшынэну сыкъэкIуащ. КIуэ, дадэ, шэнтым итIысхьэ. Умышынэ, сэ мыбдеж сыщытынщ.

Дохутырым блыным кIэрыт шэнтыр Сэлим ирегъэлъагъу:

- КIуэ, тIыс, ущыт хъунукъым. Сэ дадэ и дзэр згъэузынкъым.

Шэнтым тотIысхьэ. Дзэр зэрахъуэ машинэр мэфий. А фий макъыр зэхэзых Сэлим жеIэ:

- Дадэ, умышынэ. ЛIыр шынэркъым.

ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэжбэчыр.

КЪЭЗАН ФатIимэ

ЩIакхъуэ

ЩIакхъуэ, щIакхъуэ, щIакхъуэ хуабэ,
НэкIу хъурейуэ бжьэхуц щабэ.
Уэ губгъуэшхуэм укъыщокI,
Гуэдз щхьэмыжым укъыпокI.

Щхьэлым гуэдзу ущахьэж,
Ухьэжыгъэу укъашэж.
Нанэ IэфIу утхуепщэфI, -
Уи мэ гуакIуэр сыту сфIэфI!

Тебэм хуэфIу дыхьэрэныр
Узогъэщхьыр сэхураным.
Шхыну щыIэм урагуэгъущ,
ЦIыкIуи ини уи ныбжьэгъущ!

Ди мыIэрысэр куэдым ящэху

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мыIэрысэу нэгъуэщI щIыпIэхэм ирагъэшам и куэдагъыр иджыблагъэ къипщытэжащ Россельхознадзорым и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ управленэм. ЖыпIэнурамэ, абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм процент 25-кIэ хигъэхъуащ икIи ар щыхьэт тохъуэ ди республикэм а и пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэм иIэ щIэупщIэм зэрыхэхъуэ зэпытыр.

ПСАЛЪЭМ КЪЫДЭКIУЭУ, 2024 гъэм ди республикэм и мыIэрысэу къэралым и адрей щIыналъэхэм хурагъэшащ тонн мини 132,5-рэ, нэгъабэ ар тонн мини 165,2-рэ хъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъуэщI щIыналъэхэм ярищэ мыIэрысэр нэхъыбэ зэрыхъум хуэдэуи, ар зрищэхэм я бжыгъэми къахэхъуэ зэпытщ, щыжаIащ управленэм. 2024 гъэм щIыналъэ 49-м ар хурагъэшащ, нэгъабэ ахэр 53-рэ хъуащ.

Иужьрей илъэсхэм ди мыIэрысэхэм уащрихьэлIэнущ къэралым и щIыпIэ пхыдзахэу Нефтюганск, Уссурийск къалэхэм, Тюмень, Иркутск, Мурманск областхэм, Красноярск крайм, Ханты-Мансийск автономнэ округым я сату щIыпIэхэми, УФ-м къыхыхьэжа Донецк, Луганск республикэхэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ираш мыIэрысэм и фIагъыр зыхуэдэр Россельхознадзорым и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ управленэм и IэщIагъэлIхэм сыт и лъэныкъуэкIи къапщытэ икIи дагъуэ зыхуэпщIын, карантиным ахэр щIэбгъэкIуэн щхьэусыгъуэ абыхэм далъагъуркъым.

ЩЭУЕЙ Болэ.

● Футбол

«Ислъэмейми» «Зэрэгъыжыр» къыхузэтегъэувыIакъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2025 - 2026 гъэхэм щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм нэхъ зэпэщIэтыныгъэ гуащIэ щыIэну хуагъэфащэрт куэдым яфIэгъэщIэгъуэну зэпеуэм иджыри бжьыпэр щызыIыгъ зэрэгъыждэсхэмрэ пашэхэм къакIэрымыхущэ Ислъэмей къуажэм къикIахэмрэ я зэIущIэм.

ДЖЭГУР хуабжьу удэзыхьэх хъуащ. Ар и фIыгъэщ лъэныкъуитIми ебгъэрыкIуэныгъэр тегъэщIапIэ нэхъыщхьэ зэращIар. Абы я насып нэхъ къыщикIащ мыгъэрей зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъхэм. «Зэрэгъыжым» и хьэрхуэрэгъум хуэдитIкIэ нэхъыбэ худигъэкIащ икIи хуэфащэ дыдэу зи чэзу текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ.

КъыхагъэщIахэми зы гурыфIыгъуэ къахуэнащ - «Ислъэмейм» и пашэ Мэрем Андемыр а зэIущIэм зэ къыщыхэжаныкIащ икIи гъуащхьауэхэм я зэпеуэм щиIыгъ бжьыпэр игъэбыдащ. Мы зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ абы топ 14 и хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм дигъэкIащ. Мэремым къыкIэлъокIуэ «ГорИс»-м щыджэгу Балъкъыз Амуррэ «Родник»-м и щIыхьыр зыхъумэ ХъутIэ Анзоррэ.

Зи чэзу текIуэныгъэхэр зыIэрагъэхьащ «Родник»-мрэ «Искра»-мрэ. Дзэлыкъуэ районым и командэм топих жэуапыншэу худигъэкIащ Псыгуэнсу щыщ щIалэхэм. Махуэ гъунэгъухэм «Родник»-м зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдыфынущ. Абы папщIэ ягъэIэпхъуауэ щыта зэIущIэм псынэдахэдэсхэм щыхагъэщIэн хуейщ «Нартаныр».

Алътуд и «Искра»-ри дыщэ медалхэм щIэбэнхэм иджыри яхэтщ. АрщхьэкIэ абы топ къыхудагъэкIынкIэ Iэмал иIэкъым, занщIу хэщIыныгъэ егъуэт. Щыхьэту урикъунщ мы зэхьэзэхуэр. Абы алътуддэсхэм топитI къудей (!) къыщыхудагъэкIауэ арати, тIэуми очко тIурытI-щырыщ щафIэкIуэдащ («Урыхум» - 1:1-уэ, «Родник»-м - 0:1-уэ дэджэгури).

2025 - 2026 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) **-** «**Зэрэгъыж**» (Зэрэгъыж) **- 2**:**4**, «**Родник**» (Псынэдахэ) **-** «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) **- 6**:**0**, «**Сады Баксана**» (Ислъэмей) **-** «**ГорИс**» (Налшык) - **0**:**4**, «**Джэрмэншык**» (Джэрмэншык) - «**Спартак-Налшык**» (Налшык) - **0**:**3** *(зэрымыкIуам къыхэкIыу)*, «**Урыху**» (Урыху) - «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) **- 2**:**1**, «**Нартан**» (Нартан) **-** «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) **- 1**:**4**, «**Логоваз**» (Бабугент) **-** «**Малка**» (Малкэ) **- 3**:**2**, «**Мурбек ФШ**» (Налшык) **-** «**Искра**» (Алътуд) **- 0**:**1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щыIэнущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *щIышылэм и 31-м* - «Псыгуэнсу» - «7 Вершин-Шалушка», «Родник» - «Малка», «Логоваз» - «Спартак-Налшык», «Мурбек» - «Джэрмэншык»; *мазаем (февралым) и 1-м* - «ГорИс» - «Искра», «Сады Баксана» - «Шагъдий», «Нартан» - «Зэрэгъыж», «Урыху» - «Ислъэмей» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ зэхьэзэхуэр 2025 - 2026 гъэхэм зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Зэрэгъыж»	**10**	**9**	**1**	**0**	**28-8**	**28**
2. «Родник»	**9**	**8**	**1**	**0**	**32-5**	**25**
3. «Искра»	**10**	**8**	**1**	**1**	**27-2**	**25**
4. «Спартак-Налшык»	10	8	0	2	32-8	24
5. «Ислъэмей»	10	7	0	3	30-12	21
6. «Урыху»	10	5	3	2	18-10	18
7. «Псыгуэнсу»	10	4	2	4	17-19	14
8. «ГорИс»	10	4	1	5	20-27	13
9. «Малка»	10	4	1	5	18-25	13
10. «Мурбек ФШ»	10	4	0	6	20-17	12
11. «Шагъдий»	10	4	0	6	18-21	12
12. «Логоваз»	10	3	2	5	12-20	11
13. «7 Вершин Шалушка»	10	3	0	7	15-36	9
14. «Нартан»	9	2	0	7	13-31	6
15. «Сады Баксана»	**10**	**0**	**0**	**10**	**6-35**	**0**
16. «Джэрмэншык»	**10**	**0**	**0**	**10**	**0-30**	**0**

1

2


3

4

1 хь	э								
2 хь	э								
3 хь	э								
4 хь	э								
5 хь	э								
6 хь	э								
7 хь	э								
8 хь	э								
9 хь	э								
10 хь	э								
11 хь	э								

5

6

7

8

9

10

11

Псалъэзэблэдз

1. Пэш ирагъэплъын, шхын щапщэфIын папщIэ мафIэ зращIыхь. **2**. Iумыжын, IумыкIын щхьэкIэ, гъущIым, пхъэм къыхэщIыкIауэ бжэр зэрагъэбыдэ, бжэIулъэ. **3**. И теплъэкIэ мыIэрысэм ещхь, мэ дахэ ищIу пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэ. **4**. Пхъэм къыхэщIыкIа, уэс зэрыIуатхъуу, гъавэ иракIыщтэу къагъэсэбэп Iэмэпсымэ. **5**. Зи пэр псыгъуэ къуаншэ кIыхь, зи щхьэм жьыщIегъэхум ещхь гуагуэ зытет къуалэбзу къуэлэн дахэ. **6**. Гъуэжьу гъагъэу, хъуа иужькIэ жылэ фIыцIэ хъурей цIыкIу зыщI губгъуэ удз лъэпкъ. **7**. ХьэпщхупщI псыгъуэ кIыхь. **8**. КъызэрoIусэу къыпкIэрыпщIэ удзыжь лъэпкъ, езыр бажэкIэ удзым ещхьу. **9**. Тхьэгъум ещхьу тхьэвым къыхэщIыкIа шхын. **10**. Шы закъуэ зыщIэщIа гу, шэрхъитI щIэту. **11**. Псыми щIылъэми щыпсэу псэущхьэ цIыкIу лъэпкъ.

Жэуапхэр:

1. Хьэку. **2**. Хьэлъкъ. **3**.Хьэиуэ. **4**. Хьэнцэ. **5**. Хьэрхъуп. **6**. Хьэкъыршэ. **7**. Хьэмбылу. **8**. ХьэкIэзэпх. **9**. Хьэлыгъуанэ. **10**. ХьэмкIэшыгу. **11**. Хьэндыркъуакъуэ.

Зэхэзылъхьар **БИЦУ Жаннэщ**.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.203
Заказыр №115

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зыттхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариннэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.